

State of Rhode Island
Rhode Island Department of Children, Youth and Families



Tit 42
Zafè Leta ak Gouvènman

Chapit 72.10

**Depatman Timoun, Jèn, ak Fanmi — Deklarasyon sou Dwa
Paran Akèy genyen**

Lwa Jeneral R.I. § 42-72.10-1

§ 42-72.10-1. Deklarasyon sou dwa paran akèy yo genyen.

(a) Asanble jeneral Rhode Island nan rekonèt enpòtans paran akèy yo genyen nan zafè pran swen e okipe timoun ki sou kont depatman timoun, jèn, ak fanmi an (apre sa n ap jis rele l “depatman an”). Pou asire yo trete paran akèy yo avèk diyite, respè, ak konfyans nan travay y ap fè pou depatman an, yo dwe bay chak paran akèy yon kopi deklarasyon sou dwa paran akèy yo chak entèval yo bezwen fè lisans, e li dwe gen dwa ki vin apre yo ladan l:

- (1) Dwa pou yo trete yo avèk diyite, respè, ak konsiderasyon antanke yon manm ekip byennèt ak tretman timoun nan.
- (2) Dwa pou yo jwenn anons, pou yo ba yo edikasyon ki apwopriye, e pou yo kontinye jwenn edikasyon ak fòmasyon pou yo ka devlope e amelyore konpetans yo antanke paran akèy.
- (3) Dwa pou yo konnen ki fason pou yo kontakte depatman an pou yo ka jwenn enfòmasyon ak èd yo bezwen pou yo ka jwenn sipò sèvis pou nenpot timoun akèy y ap pran swen;
- (4) Dwa pou yo jwenn ranbousman finansye atan pou sèvis yo bay antanke paran akèy;
- (5) Dwa pou yo enfòm yo konsènan nenpòt frè oubyen depans depatman an gendwa ranbouse yo pou yo;
- (6) Dwa pou yo jwenn yon esplikasyon ekri ki klè sou plan tretman ak sèvis pèsònèl timoun nan pandan l nan kay paran akèy la.
- (7) Dwa pou yo jwenn plis enfòmasyon oubyen enfòmasyon ki nesèsè depatman an genyen

ki gendwa enpòtan pou pran swen timoun nan, nenpòt lè pandan timoun nan anba zòd paran akèy la;

(8) Dwa pou yo avize yo konsènan reyinyon pou revize ajanda, reyinyon pou fè plan pèmanan, ak aranjman espesyal anrapò ak anplwaye konsènan timoun akèy la, yon fason pou paran akèy yo ka patisipe aktivman nan planifikasyon swen ak desizyon y ap pran pou timoun nan.

(9) Dwa pou yo bay kontribisyon pa yo konsènan plan tretman ak sèvis pèsònèl timoun nan ak dwa pou yo respekte e konsidere kontribisyon sa yo menm jan ak enfòmasyon nenpòt lòt manm ekip tretman an bay.

(10) Dwa pou kominike avèk lòt pwofesyonèl ki travay avèk timoun akèy la antanke manm ekip tretman l, sa gen ladan l, pami lòt, teraplis, medsen, ak pwofesè;

(11) Dwa pou yo jwenn enfòmasyon konsènan timoun nan ak fanmi timoun nan ki enpòtan parapò ak swen ak bezwen timoun nan genyen e pou yo ka devlope yon plan pèmanan pou timoun nan, ann amoni ak lalwa, nan bon moman e avèk konstans;

(12) Dwa pou yo jwenn anons rezonab konsènan nenpòt chanjman oubyen adisyon nan sèvis yo bay timoun nan, ann amoni ak plan tretman ak sèvis timoun pèsònèl timoun nan;

(13) Dwa pou yo jwenn anons ekri konsènan pwèn ki vin apre yo, eksepte nan ka ijans:

(i) Plan pou tèmine plasman timoun nan avèk paran akèy yo; ak

(ii) Rezon yo fè chanjman oswa rezon yo tèmine plasman an;

(14) Dwa pou depatman an avize yo konsènan pwosè nan tribinal, dwa pou yo asiste odisyon ak revizyon, ak dwa pou bay tribinal la rapò oral oswa rapò ekri ann amoni ak § 14-1-30.2;

(15) Dwa pou yo konsidere yo kòm premye opsyon pou yo mete timoun nan si timoun nan te avèk yo deja, apre sa l bezwen tounen nan swen fanmi akèy ankò nan menm nivo ak menm kalite swen; depi plasman an nan enterè timoun nan ak lòt timoun ki nan kay paran akèy la, epi si timoun nan gen douz (12) ane oubyen plis, depi timoun nan vle tounen kay paran akèy sa yo;

(16) Dwa pou yo jwenn yon ankèt ki jis, san pèdi tan, san patipri, parapò ak plent konsènan lisans yon paran akèy;

(17) Dwa pou yo jwenn okazyon pou yo mande e jwenn yon odisyon ki jis e ki san patipri konsènan dsizyon ki gen yon efè sou lisans paran akèy la;

(18) Dwa pou yo bay oubyen refize pèmisyon pou pèmèt timoun ki sou zòd li patisipe nan aktivite nòmal timoun konn fè, sou baz prensip paran ki pridan e ki rezonab, san apwobasyon davans nan men moun ki responsab ka a, moun k ap defann edikasyon timoun nan, oswa tribinal la, ann amoni ak Title IV-E nan Lwa sou Sekirite Sosyal la. Lè nou di prensip paran ki pridan e ki rezonab, nou vle di prensip swen yo itilize pou detèmine si yon paran akèy ka pèmèt yon timoun l ap pran swen patisipe nan jounen lekòl edikatif, aktivite ekstra-skolè, aktivite anrichisman, ak aktivite sosyal. Prensip sa yo baze sou desizyon paran an pran avèk atansyon, avèk bon refleksyon, yon fason pou pwoteje sante, sekirite, ak enterè timoun nan toutpandan l fasilite kwasans timoun nan nan domèn sosyal, emosyonèl, ak ;

(19) Dwa pou yo gen aksè, san pèdi tan, ak pwosesis apèl depatman an ak dwa pou yo pa jwenn lòt moun k ap anmède yo oswa fè zak vanjans sou yo lè yo egzèse dwa yo genyen pou yo fè apèl; ak

(20) Dwa pou pote plent ak dwa pou yo fè l konnen ki pwosesis pou l suiv pou l ka pote yon plent.

(b) Depatman an responsab pou l aplike dispozisyon ki nan seksyon sa a.

(c) Pa gen anyen nan seksyon sa a ki la pou bay yon moun, yon depatman, oswa yon lòt òganizasyon leta okazyon pou yo kreye yon dwa aksyon prive oswa yon reklamasyon.

Kote seksyon sa a sote.

Lwa Piblik (P.L.) 2010, chapit 173, § 1; P.L. 2010, chapit 182, § 1; P.L. 2016, chapit 340, § 1;

P.L. 2016, chapit 370, § 1